

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG SARAN

#### **5.1 Kacindekan**

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran hasil analisis kamampuh nulis guguritan kalayan ngagunakeun modél *Quantum Writing* ka siswa kelas VIII-5 SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2015/2016, bisa dicindekeun ieu di handap.

*Kahiji*, kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-5 SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2015/2016 saméméh ngagunakeun modél *Quantum Writing* kurang nyugemakeun. Hasil rata-rata data *pretest* nyaéta 47.29, hartina siswa can mampuh nulis guguritan. Katitén tina 31 siswa kaasup katégori can mampuh, sedengkeun euweuh siswa anu kaasup katégori mampuh.

*Kadua*, kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-5 SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2015/2016 sabada ngagunakeun modél *Quantum Writing* hasilna nyugemakeun. Hasil rata-rata data *posttets* nyaéta 77.42, hartina siswa mampuh nulis guguritan. Katitén tina 31 siswa, ngan 5 siswa anu kaasup katégori can mampuh, sedengkeun 26 siswa kaasup katégori mampuh.

*Katilu*, kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-5 SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2015/2016 ngaronjat kalayan signifikan. Éta hal katitén tina hasil rata-rata data *pretest* jeung *posstest* kamampuh nulis guguritan siswa nyaéta tina 47.29 ngaronjat jadi 77.42. Hartina, gedéna pangaruh modél *Quantum Writing* dina ngaronjatkeun kamampuh nulis guguritan nyaéta 30.13. Sangkan leuwih jéntré, dipedar ngaronjatna kamampuh nulis guguritan siswa saméméh (*pretest*) jeung sabada (*posttets*) ngagunakeun modél *Quantum Writing* dumasar aspék anu dipeunteunna.

- a) Aspék judul ngaronjat 0.74, tina 3.53 jadi 4.27
- b) Aspék amanat ngaronjat 1.92, tina 2.45 jadi 4.37
- c) Aspék pilihan kecap ngaronjat 1.33, tina 2.40 jadi 3.73
- d) Aspék guru lagu ngaronjat 1.87, tina 1.69 jadi 3.56
- e) Aspék guru wilangan ngaronjat 2.09, tina 1.26 jadi 3.35
- f) Aspék eusi carita ngaronjat 0.36, tina 3.56 jadi 3.92

Hasil uji hipotésis nuduhkeun yén  $t_{\text{itung}} > t_{\text{tabé}}$  atawa  $23.54 > 2.46$ . Hartina, hipotésis alternatif ( $H_a$ ) ditarima jeung hipotésis nol ( $H_0$ ) ditolak.

Tina hasil panalungtikan, bisa dicindekkeun yén aya béda anu signifikan kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-5 SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2015/2016 antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél *Quantum Writing*.

## 5.2 Implikasi

Dilarapkeunna modél *Quantum Writing* dina nulis guguritan siswa kelas VIII-5 SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2015/2016 ngahasilkeun sawatara implikasi ieu di handap.

- 1) Miboga motivasi pikeun ngébréhkeun gagasanana dina wangun tinulis;
- 2) Kritis jeung aktif dina ngébréhkeun kamandangna ngeunaan hiji pasualan;
- 3) Ayana sikep silih rojong jeung silih introspéksi kasalahan dina guguritan babaturanana;
- 4) Ayana sikep silih hargaan jeung babatan dina hasil ngaropéa guguritan;
- 5) Parigel dina milih kecap anu merenah keur ngébréhkeun gagasanna kana guguritan; jeung
- 6) Parigel kana guru lagu jeung guru wilangan anu aya dina guguritan tepi ka ngahasilkeun guguritan anu saluyu jeung aspék-aspék nulis guguritan.

## 5.3 Saran

Dumasar hasil panalungtikan ngeunaan modél *Quantum Writing* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII-5 SMP Negeri 43 Bandung, dijéntrékeun sababaraha saran anu kaunggel ieu di handap.

- 1) Nilik kana hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun nuduhkeun yén modél *Quantum Writing* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis guguritan. Ku kituna, ieu modél bisa jadi bahan alternatif pikeun guru hususna dina pangajaran nulis guguritan, umumna dina pangajaran séjenna.
- 2) Kusabab modél *Quantum Writing* geus dilarapkeun dina métode panalungtikan kuasi ékspérimén, ka hareupna perlu dilaksanakeun dina

métode panalungtikan séjén, contona Ékspérimén Murni, Penelitian Tindakan Kelas (PTK), jsb.

- 3) Saupama modél *Quantum Writing* rék dipaké dina pangajaran aya sababaraha hal anu kudu dititénan, nyaéta: a) léngkah-léngkah modél *Quantum Writing* kudu bener-bener dipikaharti tur dilaksanakeun kalawan ngaruntuy; b) milih jeung néangan poster afirmatif kudu anu ngirut tur ngagunakeun warna-warna anu kontras; c) organisasi kelas kudu hadé sangkan cunduk kana waktu anu geus dirarancang; jeung e) leuwih asak dina ngararancang pangajaran.